



Pou Piblikasyon Imedya: 22/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A PANDAN PANDEMI COVID-19 LA

Mid-Hudson Valley otorize pou antre nan Faz 3 re-ouvèti a demen

Long Island sou wout pou antre nan Faz 3 a mèkredi

Mwens pase yon pousan tè s pou COVID-19 yè yo te pozitif

10 lanmò COVID-19 nan Eta New York yè, pi ba a depi 21 mas

Konfime 552 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 388,488; gen nouvo ka nan 38 Konte

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 ki ankou a. Kantite nouvo ka, pousantaj tè s ki te pozitif epi anpil lòt pwèn done itil toujou disponib nan [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

Gouvènè a te anonse tou ke ekspè mondyal nan sante piblik te otorize Mid-Hudson Valley pou antre nan Faz 3 re-ouvèti a demen. Long Island sou wout pou antre nan Faz 3 re-ouvèti a mèkredi. Direktiv pou biznis pou Faz Twa plan re-ouvèti Eta a disponib [isit la](#).

"Nan New York, nou te swiv lasyans ak done ak endikatè yo depi nan premye jou a. Jodi a, nou gen pi bon chif ke nou te genyen depi sa te kòmanse nan New York", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Yè, nou te gen dis lanmò sèlman, kont yon gwo nimewo ki te 800. Nou gen anviwon 1,000 moun nan lopital nou yo, ki se youn nan nimewo ki pi ba depi lè sa te kòmanse. Akòz chanjman Nouyòkè yo te fè, kounye a nou gen pousantaj transmisyon ki pi ba nan Etazini."

Done jodi a rezime byen kout anba a:

- **Lanmò yo:** 10, pi ba a depi 21 mas
- **Ospitalizasyon:** 1,122 (bese sòti nan 1,142 pou jou anvan an)
- **Ospitalizasyon nan Inite Swen Entansif (Intensive Care Unit, ICU) yo:** 330
- **Ospitalizasyon nan ICU ki nan tib:** 228

- **Egzeyat total: 69,710**

Sou 56,780 tès yo te reyalize nan Eta New York yè, 552, oswa .97 pousan, te pozitif. Pousantaj tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo se konsa:

REJYON	VANDREDI	SAMDI	DIMANCH
New York City	1.10%	1.20%	1.10%
Capital Region	0.70%	0.40%	0.70%
Central New York	0.60%	0.90%	0.70%
Finger Lakes	1.10%	0.40%	0.70%
Long Island	1.10%	1.00%	0.90%
Hudson Valley	1.10%	1.00%	1.00%
Mohawk Valley	1.80%	1.00%	1.40%
North Country	0.40%	0.20%	0.10%
Southern Tier	0.40%	0.30%	0.30%
Western New York	0.80%	0.80%	1.00%

Gouvènè a te konfime tou 552 lòt ka nouvo kowonaviris, sa ki bay yon total 388,488 ka konfime nan Eta New York. Nan total 388,488 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,060	6
Allegany	58	0
Broome	670	2
Cattaraugus	115	0
Cayuga	108	0
Chautauqua	116	0
Chemung	139	0
Chenango	140	1
Clinton	100	0
Columbia	452	1
Cortland	44	0
Delaware	90	0
Dutchess	4,145	7
Erie	7,035	31
Essex	41	0
Franklin	27	0
Fulton	244	1
Genesee	225	3
Greene	256	0

Hamilton	6	0
Herkimer	137	1
Jefferson	84	0
Lewis	23	0
Livingston	124	1
Madison	347	2
Monroe	3,512	14
Montgomery	108	2
Nassau	41,513	34
Niagara	1,193	1
NYC	212,741	295
Oneida	1,416	23
Onondaga	2,675	9
Ontario	242	2
Orange	10,654	6
Orleans	276	0
Oswego	173	0
Otsego	83	1
Putnam	1,305	4
Rensselaer	528	4
Rockland	13,514	10
Saratoga	535	2
Schenectady	761	7
Schoharie	57	0
Schuyler	12	0
Seneca	64	0
St. Lawrence	217	1
Steuben	263	2
Suffolk	41,010	38
Sullivan	1,438	1
Tioga	140	0
Tompkins	175	0
Ulster	1,756	2
Warren	262	1
Washington	244	0
Wayne	143	0
Westchester	34,557	36
Wyoming	93	0
Yates	42	1

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)